



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI FAKTORI PLATTER'S CHOCOLATES NAN LWÈS NEW YORK

Nan jou nasyonal chokola, Platter's Chocolates ap relokalize nan bilding istorik Wurlitzer nan Konte Niagara e li angaje pou kreye 35 nouvo djòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gran ouvèti yon nouvo faktori chokola \$1.3 milyon dola nan Konte Niagara. Platter's Chocolates, yon biznis ke fanmi posede depi 1938, relokalize nan bilding istorik Wurlitzer nan Nò Tonawanda pou elaji liy pwodiksyon l, kapasite anbalaj, ansanm avèk lòt vizit kilinè pou vizitè yo.

“Desizyon Platter's Chocolates pou relokalize nan Lwès New York se yon bèl viktwa pou Nò Tonawanda ansanm avèk tout rejyon an,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk pwodiksyon elaji ansanm avèk adisyon vizit nan faktori a, nap rete tann nan kreyasyon nouvo djòb, nouvo aktivite ekonomik ak ogmantasyon touris nan Konte Niagara.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare, “Platter's ap pote fabrikasyon chokola li yo nan yon wo nivo lè li envite vizitè yo pou vizite chak etap nan pwodiksyon an. Nouvo faktori nan bilding istorik Wurlitzer la pral yon eman pou touris yo vizite Niagara Falls e nap rete tann pou gen plis aktivite famiyal ladann l. Chokola, touris ak ogmantasyon depans vizitè yo nan ajoute plis siksè pou Konte Niagara.”

Platter's Chocolates te deplase nan etablisman 24,000 pye-kare a nan Nò Tonawanda pou elaji operasyon l, rann li posib pa kapasite kontwòl klima modèn. Kontwòl klima etablisman an pèmèt fabrikasyon chokola yo pandan tout ane a, menm pandan mwa cho ete yo, yon pwosesis ki pat posib nan premye lokal konpayi an. Platter's Chocolates aktyèlman gen 20 anplwaye e li pral kreye 35 lòt djòb pou reponn a demann nan pwodiksyon ak plis vizit.

“Nan non Platter's Chocolates nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou gwo sipò yo nan biznis nou yo,” **te deklare John DiGiuseppe, Vis Prezidan Devlopman Biznis pou Platter's Chocolates.** “Biznis famiyal nou an te kòmanse nan sousòl yon ti kay nan Nò Tonawanda e kounye a, twa jenerasyon apre, nou fyè pou nou ofri yon etablisman sa ki pral pèmèt nou elaji distribisyon nou an epi bay vizit chokola pou vizitè yo nan rejyon nou an.”

Platter's Chocolates te fèt pou akomode vizit otobis ak vizit an gwoup, sa ki prezante yon vizit a pye ki mete aksan sou istwa, pwodiksyon ak abilite nan fè chokola. Patisipan

nan vizit yo pral wè chak etap nan pwosesis pou fè chokola, pale avèk espesyalis chokola yo epi pwofite de echantyon sirèt eponj popilè Platter's. Vizitè yo ka eksplòre tou magazen Faktori a, sa ki prezante alafwa yon magazen chokola ak yon kafe restoran ki ofri Wi-Fi, bwason ak krèm a glas lokal. Espas la ap disponib tou pou ti reyinyon, aktivite kominotè ansanm avèk aktivite famiyal vakans.

Adisyon Faktori Platter's Chocolates ak vizit yo pral sipòte endistri touris rejyon an, sa ki atire preske 8 milyon vizitè chak ane, epi ajoute nan kantite atraksyon manje ak bwason rejyon an tankou Enstiti Kilinè Niagara Falls (Niagara Falls Culinary Institute) ak santye diven rejyonal.

Prezidan ak PDG Empire State Development Howard Zensky te deklare, "Touris Kilinè te grandi nan fason enpòtan avèk popilarite vizit chéf yo ansanm avèk eksplorasyon diven ak brasri Eta New York. Yon vizit chokola se yon bon fason pou ankouraje vizitè yo pou yo rete yon ti jan pi lontan epi pwofite de pwodiksyon nan sirèt eponj popilè nan mond lan, youn nan bon jan kalite friyandiz inik Lwès New York."

Prezidan & PDG Kòporasyon Konvansyon & Touris Niagara (Niagara Tourism & Convention Corporation) John Percy te deklare, "Kòm destinasyon ofisyèl maketing òganizasyon an pou Niagara Falls ak Konte Niagara, nou kontan pou Platter's sou kwasans yo ak elajisman epi paske gen kounye a plis atraksyon pou komèsyalize mache a pou vizitè nou yo. Nou te wè gwo siksè avèk Enstiti Kilinè a ansanm avèk Santye Diven Niagara (Niagara Wine Trail) sa ki pwouve ke touris yo vle eksperimante gou lokal yo. Pandan lontan Platter's te yon preferans nan biwo nou an e souvan nou bay chokola yo a kòm kado nan kad sak kado byenveni pou envite enpòtan nou yo. Kounye a nou rive montre ankò yon lòt mèvèy Konte Niagara nan mond lan !"

New York State Power Authority (NYPA) te bay \$200,000 pou sipòte relokasyon ak renovasyon Platter's Chocolates grasa pwogram resèt New York Power Lwès New York, sa ki itilize benefis nan lavant ki pa itilize nan enèji idwolik Pwojè Enèji Niagara (Niagara Power Project) pou finanse pwojè devlopman ekonomik nan rejyon an. Aplis, Empire State Development pral bay kredi Taks Eksèsyò (Excelsior Tax Credits) jiska \$175,000 an echanj pou kreyasyon 35 djòb.

Prezidan ak PDG NYPA Gil C. Quiniones te deklare, "Pwogram nan te bay \$32 milyon depi kreyasyon l e li gratifyan pou ede yon konpayi ki gen rasin alontèm nan zòn lan kap grandi plis ankò. Platter's se yon lòt egzantp sou fason Pwojè Niagara Power se yon motè enpòtan nan aktivite ekonomik nan rejyon an."

Seantè Eta Rob Ortt te deklare, "Platter's Chocolates te vini yon aliman debaz nan Nò Tonawanda ak nan rejyon an. Li vini yon tradisyon pou anpil fanmi, sa ki enkli fanmi pa m. Mwen te grandi a kèk blòk de Platter's, fanmi m ansanm avèk mwen konn vini souvan isit la, kidonk mwen kontan paske li anmezi pou grandi nan vil natal li. Konpayi sa ki grandi lokal pral kreye plis travay, kontinye pwospere ak ranfòse ekonomi lokal nou an epi kontinye pou l yon tradisyon pou anpil lòt fanmi."

Majistra Vil Tonawanda Arthur G. Pappas te deklare, “Mwen te abite nan Nò Tonawanda pandan preske tout lavi m e Platter’s Chocolates se yon pati nan anfans mwen. Mwen sonje mwen te ale nan anplasman orijinal la sou Felton St. nan tan lontan e sa te kontinye nan lokal Oliver St. Mwen kontan anpil pou m wè Platter’s kontinye pwospere e li enteresan paske yo chwazi ansyen kay ki te yon gran konpayi nan Nò Tonawanda pou demenaje nan bilding Wurlitzer. Mwen swete Platter bòn chans pou l kontinye kòm yon vrè pilye nan kominote a.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou vizit ak Platter’s Chocolates, vizite:
www.platterschocolates.com.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418